

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) data jeung sumber data, (3) téhnik ngumpulkeun data, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik ngolah data.


3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Moleong (2017, kc. 42) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan boh dina wangun lisan boh tulisan. Ieu pamarekan digunakeun ku sabab nyoko kana sumber data wujud kecap pancén dina wangun tulisan karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 12 Bandung.

Ari métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Arikunto (2010, kc. 225) nandeskeun yén métode déskriptif nyaéta anu miboga tujuan pikeun maluruh jeung méréskeun pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyieun papasingan data, nganalisis, sarta napsirkeun data. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kecap pancén anu kapaluruh dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 12 Bandung. Saméméh didéskripsikeun, sumber data dikumpulkeun, dipasing-pasing dumasar wangun jeung wanda, dianalisis, tur ditapsirkeun luyu jeung tiori pikeun nganalisisna.

Dumasar kana pamarekan jeung métode panalungtikan anu digunakeun, disusun désain panalungtikan. Désain panalungtikan mangrupa bagan guluyuran atawa léngkah-léngkah panalungtikan. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, tangtu saméméhna disusun heula ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Éta léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan, tujuanna sangkan gampang ngajelaskeunana (Arikunto, 2010, kc. 60).

Désain panalungtikan mangrupa sakabéh prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi prak-prakan panalungtikan. Désain anu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kecap pancén anu ditilik tina stuktur, fungsi, jeung hartina. Data kecap pancén dicangking tina sumber data panalungtikan.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta karangan laporan kajadian anu dijieun ku siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2018/2019. Arikunto (2010, kc. 161) nyebutkeun yén data mangrupa hasil catetan panalungtik, boh pakta boh angka. Tina éta sumber data téh dianalisis jeung didéskripsikeun kecap pancén dumasar wangun jeung wanda kecap pancén.

Dumasar judul panalungtikan, sumber data dicangking ti kelas VIII-B, anu jumlahna aya 15 siswa, ngawengku 5 siswa lalaki jeung 10 siswa awéwé. Sutopo (2006, kc. 56) nétélakeun yén sumber data nyaéta data nu dicangking tina métode nu tangtu, boh mangrupa jalma, artéfak, atawa dokumén-dokumén.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, digunakeun téhnik tés jeung téhnik dokuméntasi.

3.4.1 Téhnik Tés

Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan laporan kajadian siswa. Siswa diténg ngarang laporan kajadian dina lembar tés. Aya opat léngkah dina prosés ngumpulkeun data, saperti ieu di handap.

- 1) Studi geunaan tiori nu nyoko kana ieu panalungtikan.
- 2) Nyusun lembar tés.
- 3) Ngayakeun tés tulis téks laporan kajadian
- 4) Ngumpulkeun hasil tés nulis téks laporan kajadian.

3.4.2 Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun nyangking informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data, nyaéta wangun kecap pancén, wanda kecap pancén, tur nyeléksi karangan anu hadé ditilik tina makéna kecap pancén. Aya tilu léngkah dina prosés ngumpulkeun data, saperti ieu di handap.

- 1) Nganalisis jeung nyirian kecap pancén naon waé nu kapanggih dina karangan laporan kajadian siswa.
- 2) Nyalin sakabéh kecap pancén kana tabél format kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 12 Bandung.
- 3) Nyieun papasingan kecap pancén dumasar wangunna.
- 4) Nyieun papasingan kecap pancén dumasar wandana.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta lembar tés jeung kartu data. Ayana instrumén mangrupa salasihiji alternatif sangkan panalungtikan leuwih gampang. Sakumaha nu ditepikeun ku Arikunto dina Ulfah (2015, kc. 27) yén instrumén panalungtikan nyaéta alat nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung nyangking hasil nu hadé, hartina lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah. Sedengkeun Sugiyono (2013, kc. 222) nyébréhkeun yén dina panalungtikan kualitatif, instrumenna nyaéta jalma atawa *human instrumen*, nyaéta jalma anu nalungtik éta panalungtikan.

3.5.1 Lembar Tés

Lembar tés mangrupa instrumén panalungtikan nu eusina paréntah ka siswa sangkan nyieun karangan laporan kajadian. Ieu instrumén dipaké pikeun mikanyaho wangun, wanda, jeung modél téks laporan kajadian nu hadé ditilik tina aspék pamakéan kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-C SMPN 12 Bandung.

| LEMBAR KERJA SISWA |
|---|
| <p>Wasta: Kelas: No. Absén:</p> <p>Pigawé pancén ieu di handap! <i>Pék jieun laporan kajadian anu kungsi kaalaman ku hidep sorangan!</i></p> |

Bagan 3.2 Lembar Tés

3.5.2 Kartu Data

Lian ti lembar tés, ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data salaku alat atawa instrumén. Eusi dina kartu data nyaéta cutatan data kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMPN 12 Bandung. Unggal kalimah anu ngagunakeun kecap pancén dina karangan laporan kajadian siswa disalin kana kartu data. Satuluyna dieusian ku cutatan data diébréhkeun kode sumber data, jeung kalimah. Sangkan leuwih anteb, kartu data dituliskeun saperti ieu di handap.

| KARTU DATA |
|---|
| Kode : (LK1/A1/B2/01/01/) |
| Waktu Abdi kelas 6 SD, aya acara <i>studytour</i> ka Jakarta sareng réréncangan, guru, jeung wali murid. |

Bagan 3.3 Kartu Data

Keterangan kartu data:

- LK1 : Laporan Kajadian 1
- A1 : Wangun Kecap Pancén Salancar
- B2 : Wanda Kecap Pancén Panyambung
- 01 : Paragraf kahiji
- 01 : Kalimah kahiji

3.6 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Ari unsur anu dianalisis nyaéta kecap pancén anu aya dina karangan laporan kajadian siswa kelas VIII-B SMP Negeri 12 Bandung.

Éta data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui kalawan bener-bener sakabéh kecap pancén anu geus dikumpulkeun.
- b. Nyatet sakabéh kecap pancén nu aya dina karangan laporan kajadian siswa.

| No. | Kode Data | Kecap Pancén | Kalimah |
|-----|-----------|--------------|---------|
| | | | |

- c. Nyieun papasingan jeung nganalisis kecap pancén dumasar kana wangun jeung wandana.

- 1) Wangun kecap pancén salancar.

| No. | Kecap Pancén Salancar | Wangun Engang | | Kode Data |
|-----|-----------------------|---------------|-------|-----------|
| | | Muka | Nutup | |
| | | | | |

- 2) Wangun kecap pancén rundayan.

| No. | Kecap Pancén | Rarangén | Dasar | Kode Data |
|-----|--------------|----------|-------|-----------|
| | | | | |

- 3) Wangun kecap pancén rajékan.

| No. | Kecap Pancén | Rajékan | Dasar | Kode Data |
|-----|--------------|---------|-------|-----------|
| | | | | |

- 4) Wangun kecap pancén kantétan.

| No. | Kecap Pancén | Unsur 1 | Unsur 2 | Kode Data |
|-----|--------------|---------|---------|-----------|
| | | | | |

- 5) Wanda kecap pancén panambah.

- a) Kecap Panganteb

| No. | Kecap Panganteb | Harti | Kode Data |
|-----|-----------------|-------|-----------|
| | | | |

- b) Kecap Panganteur

| No. | Kecap Panganteur | Posisi | Kode Data |
|-----|------------------|--------|-----------|
| | | | |

c) Kecap Panahap

| No. | Kecap Panahap | Posisi | Harti | Kode Data |
|-----|---------------|--------|-------|-----------|
| | | | | |

d) Kecap Panangtu

| No. | Kecap Panangtu | Posisi | Harti | Kode Data |
|-----|----------------|--------|-------|-----------|
| | | | | |

e) Kecap Panambah Aspék

| No. | Kecap Panambah Aspék | Fungsi | Harti | Kode Data |
|-----|----------------------|--------|-------|-----------|
| | | | | |

f) Kecap Panambah Modalitas

| No. | Kecap Panambah Modalitas | Fungsi | Harti | Kode Data |
|-----|--------------------------|--------|-------|-----------|
| | | | | |

6) Wanda kecap pancén panyambung.

| No. | Wujud | Harti | Fungsi | Kode Data |
|-----|-------|-------|--------|-----------|
| | | | | |

7) Wanda kecap pancén pangantét.

| No. | Wujud | Harti | Fungsi | Kode Data |
|-----|-------|-------|--------|-----------|
| | | | | |

8) Wanda kecap pancén panyeluk

| No. | Wujud | Harti | Fungsi | Kode Data |
|-----|-------|-------|--------|-----------|
| | | | | |

d. Ngadéskripsikeun kecap pancén nu kapanggih dina karangan laporan kajadian siswa, dumasar kana wangun jeung distribusina.

e. Ngadéskripsikeun kecap pancén nu kapanggih dina karangan laporan kajadian siswa, dumasar kana wanda, fungsi, posisi, jeung hartina.

- f. Nangtukeun karangan anu bener pikeun model karangan anu hadé ditilik tina cara ngagunakeun kecap pancénna.
- g. Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data.